31 Out 2026

Chè fanmi, elèv, edikatè ak manm kominote nou an,

Byenveni ankò nan kòmansman ane lekòl 2026–2027 la! Mwen espere ou menm ak moun ou renmen yo te pase yon ete ki te repoze nou, ba nou nouvo enèji epi prepare nou pou nouvo ane a. Lè nou bati sou fondasyon solid ak patenarya nou te etabli ane pase a, distri nou an antre nan nouvo ane akademik sa a avèk yon konsantrasyon klè, estanda ki pi wo ak yon angajman san fay pou fè East Orange vin yon modèl edikasyon iben pwogresis.

N ap Respekte Pwomès Nou yo: Pi Bon Kominikasyon ak Aksè Dijital

Nan kad angajman nou genyen pou amelyorasyon kontinyèl, nou fyè pou n reyalize youn nan pi gwo inisyativ nou te anonse ane pase a: nouvo sit entènèt distri nou an nan East Orange School District. Nou te reamenaje sit la pou fè li pi fasil ak pi senp pou navige nan nouvèl distri a, kalandriye lekòl yo ak resous akademik yo. Platfòm nan genyen tou yon chatbot entèaktif ki sèvi ak entèlijans atifisyèl (IA) sou paj dakèy la, ki fèt pou reponn kesyon ou yo tousuit nan lang ou prefere a. Nou planifye tou pou ajoute yon aplikasyon mobil ki fasil pou paran ak fanmi yo itilize anvan oswa pandan prentan 2027.

Prensipal Domèn Nou Pral Konsantre Sou Yo pou Ane Lekòl 2026–2027 la

Pandan n ap gade devan, nouvo priyorite estratejik nou yo konsantre sou modènizasyon, ekselans akademik, byennèt kominote a ak amelyorasyon anviwònman kote elèv yo ap aprann. Mwen kontan pataje kat prensipal domèn ki pral gide travay nou ane sa a:

1. Enfrastrikti Dirab: Inisyativ Enèji Pwòp

Nou ap envesti nan dirabilite anviwònman ak estabilite finansye alontèm pou tout enstalasyon nou yo:

- **Amelyorasyon enstalasyon yo:** Enstalasyon nouvo twati, sistèm panno solè ak amelyorasyon nan bilding yo pou fè yo itilize enèji pi efikas.
- **Transpò modèn:** Entegrasyon otobis elektrik ak estasyon chaj ki gen gwo kapasite pou diminye anprint kabòn nou epi modènize transpò elèv yo.

2. Pwogram Akademik Kalite nan Lekti/Ekri ak Matematik

Pou ede elèv nou yo fè pi gwo pwogrè akademik pi rapid, n ap lanse pwogram ansèyman ki ajou epi ki baze sou rechèch nan Lang ak Literati Angle (ELA) ak matematik. Nou te chwazi pwogram sa yo atravè yon pwosesis kolaboratif kote pwofesè ki soti nan tout distri a te patisipe nan evalyasyon founisè yo, demonstrasyon ansèyman ak gwoup diskisyon:

- **Lekti ak Ekriti nan Lekòl Elemantè (Klas K–5):** Adopsyon *Into Reading* HMH, ki fèt pou ranfòse ladrès fondamantal yo, amelyore fasilite elèv yo nan lekti awotvwa, bay entèvansyon ki adapte ak bezwen elèv yo epi ofri bon jan resous pou elèv bileng yo.
- **Matematik:** Adopsyon *Math & YOU* Cengage, yon pwogram inovatè ki konsantre sou konpreyansyon konsèp yo, rezolisyon pwoblèm, rezònman matematik ak entèvansyon ki adapte ak bezwen chak elèv.

3. Plan Konplè pou Sante ak Byennèt

Byennèt elèv nou yo, fanmi nou yo ak anplwaye nou yo rete youn nan pi gwo priyorite nou. Ane sa a, n ap mete an plas yon nouvo Plan Sante ak Byennèt distri a, ki vize ankouraje yon fason viv ki pi an sante ak ki pi ekilibre:

- **Pwogram pou kominote a:** Aktivite sou byennèt, inisyativ pou ankouraje kondisyon fizik ak resous sou sante yo pral disponib pandan tout ane a.
- **Aksè ak swen sante:** Yon patenarya estratejik avèk founisè swen sante nan West Orange pou bay kominote lekòl nou an aksè pi fasil ak pi rapid ak bon jan pwofesyonèl medikal ak sèvis byennèt.

4. Reorganizasyon Estratejik Enstalasyon yo

Pou reponn ak bezwen enstalasyon nou yo epi bay sipò espesyalize pandan n ap elaji opsyon akademik yo, n ap konsidere kèk chanjman estratejik nan fason nou itilize kèk nan enstalasyon nou yo. N ap pataje plis enfòmasyon sou sa pandan ane k ap vini an.

N ap Avanse Ansanm

Chak amelyorasyon nou fè—soti nan fason bilding nou yo itilize enèji pi efikas rive nan zouti dijital nou itilize pou rete konekte—baze sou angajman nou genyen pou wè East Orange ak timoun nou yo pwospere.

Kòm yon rapèl amikal, lekòl nou yo ap kontinye aplike règ **pa gen telefòn selilè pandan tout jounen lekòl la, depi sonèt antre a rive sonèt sòti a (“bell to bell”)**, jan nouvo lwa New Jersey a egzije sa kounye a. Lekòl pitit ou a ap bay plis enfòmasyon sou pwosedi espesifik lekòl la pral itilize.

Pou fini, mwen vle remèsye edikatè nou yo, anplwaye sipò nou yo, Komisyon Konsèy Edikasyon an, Majistra a ak Konsèy Minisipal la pou defans yo ak devouman san pran souf yo. Pi enpòtan toujou, mèsi ak tout fanmi nou yo paske nou mete konfyans nou nan nou.

Ann fè ane lekòl 2026–2027 la vin ane kote nou gen plis enpak pase tout lòt ane yo.

Avèk anpil rekonesans ak anpil antouzyasm,

Doktè Christopher Irving
Sipèentandan Lekòl yo